

# 10 Premye Bagay Ou Ta Dwe Konnen...

## Konsènan Sistèm Asistans Reyanbochaj Lè W'ap Depoze Reklamasyon Ou

Asistans Reyanbochaj (RA) founi asistans finansyè tanporè bay moun ki kalifye ki te pèd travay yo san se pa fòt yo epi ki kontinye ranpli kondisyon kalifikasyon Lwa Eta a.

Pwogram nan pa yon dwa pou tout moun ki te pèdi travay yo.

Kenbe 10 endikatè sa yo nan tèt ou lè ou ap ranpli pou benefis RA pou asire peman benefis egzat e rapid.

Pou plis enfòmasyon,  
tanpri vizite  
[www.floridajobs.org](http://www.floridajobs.org)  
oswa rele  
(800-204-2418)  
Nou la pou ede w.



### 1. Avèk Presizyon Rapòte Rezon Ki Fè Ou P'ap Travay

Avèk presizyon rapòte rezon ou pou separasyon nan travay ou lè ou te premye depoze reklamasyon ou pou benefis. Li enpòtan pou ou bay biwo RA la egzak rezon separasyon ou konsa nou ka asiste w pi byen epi ede evite fwod.

### 2. Rapòte Nenpòt Salè Ou Touche

Ou dwe rapòte salè brit ou (anvan yo pran taks ou) pou chak semèn ou travay epi sètifye pou benefis yo, menm si yo te peye w jis apre. Asire w ke ou rapòte avèk presizyon tout salè pandan sètifikasyon pa semèn reklamasyon w la - menm sila yo ki te touche pou travay tan pasyèl oswa tanporè. Si ou kolekte plis benefis RA ke sa ou elijibakòz ou te ou rate rapòte salè, ou kapab ap komèt fwòd e yo ka pouswiv ou.

### 3. Anrejistre avèk Mache Travay Florid (Employ Florida marketplace EFM)

Ou ka chèche èd pou jwenn djòb nan men EFM. EFM bay bon resous ki disponib pou izaj ou, sa gen ladan li referans travay, fè rezime, ak sèvis reyanbochaj <http://www.EmployFlorida.com>.

### 4. Disponib pou Travay

Pou kolekte benefis, ou dwe toujou verifye ke ou kapab, disponib epi dispoze pou aksepte travay apwopriye. Konfli posib tankou ale lekòl pandan lè travay oswa restriksyon ak swen pou timoun oswa transpò kapab limite disponibilite w pou travay oswa yon pwoblèm pou kalifikasyon. Rapòte pwoblèm sa yo sou fòm reklamasyon w la.

## **5. Chèche Travay Aktivman**

Ou dwe chèche travay chak semèn ke ou klase yon reklamasyon pou benefis. Si ou pa chèche travay diran yon semèn kote ou fè yon reklamasyon, yo kapab refize w benefis jiskaske ou montre ke ou chèche travay aktivman.

## **6. Devlope yon Plan Efikas Rechèch Travay**

Anpil moun k'ap fè reklamasyon Asistans Reyenbochaj pa genyen yon plan efikas pou chèche travay. Mache Travay Florid (Employ Florida Marketplace) la se yon bon kote pou aprann sou diferan kalite travay, disponiblite yo, ak kòman ou pou jwenn fòmasyon. vizite [www.EmployFlorida.com](http://www.EmployFlorida.com) pou plis enfòmasyon ak asistans nan planifye yon rechèch travay ki efikas.

## **7. Evite Erè epi Asire Bon Peman Benefis yo**

Pou anpeche erè nan peman benefis RI ki kab lakòz yon sichaj peman, li enpòtan ke ou li tout enfòmasyon ke yo ba lè w'ap depoze reklamasyon pou benefis ou. Move peman benefis yo pral lakòz reta oubyen refi pou benefis a lavni.

<http://www.floridajobs.org/job-seekers-community-services>

## **8. Pa Fè Reta - Osito Ke w Kòmanse Travay Ankò, Rapòte Ke ou Retounen Travay**

Osito ke ou kòmanse travay asire w ke ou avèti biwo leta RI ou si ou gen entansyon kontinye reklame alokasyon RI. Pa rete tann jiskaske ou resevwa premye chèk pou rapòte ke ou retounen travay. Ajans RI la itilize resous leta ak nasyonal pou swiv tras nouvò anplwaye, kidonk li nan pi bon enterè w pou rapòte ke ou retounen travay imedyatman pou evite konsekans grav yon move peman.

## **9. Swiv Règleman yo pou Evite Tèt ou Komèt Fwod**

Nenpòt moun ki kolekte benefis RI legalman responsab pou asire ke li swiv kondisyon ki etabli pa Iwa Eta a. Mankman pou swiv règleman yo kapab lakòz konsekans ki grav. Konsekans lè ou pa swiv règleman RI kapab enkli pouswit jidisyè pa otorite gouvènman, repeye benefis yo ak penalite, konfiske fiti ranbousman revni taks, pèdi kalifikasyon pou kolekte RI benefis a lavni, ak yon santans posib pou ale nan prizon.

## **10. Konnen Responsabilite w epi Mande Èd**

Kòm yon moun k'ap resevwa benefis Asistans Reyenbochaj, ou gen yon responsabilite legal pou konnen epi swiv tout règleman ak kondisyon yo pou rapòte. Navige atravè sistèm RI la kapab bay konfizyon. Si ou genyen yon kesyon konsènan responsabilite ou a oswa kondisyon pou resevwa benefis yo, biwo RI se isit la ede. 1-800-204-2418 or

<http://www.floridajobs.org/kreyol/sant-avantaj-konpansasyon-pou-reyanbochaj/connect-enfòmasyon-jeneral-sou-paj-wèb/connect-resous-paj-wèb>